**दिन—रविवार** **दिनांक—13.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रदेश मे आइ दोसर दिन सेहो विभिन्न भाग मे गाजा—बाजाक संग दुर्गा प्रतिमाक विसर्जनक क्रम जारी अछि। कडगर सुरक्षा—व्यवस्थाक मध्य मूर्ति विसर्जन कयल जा रहल अछि। पटना, मुंगेर, गया, भागलपुर सहित विभिन्न शहर मे सार्वजनिक पूजा समिति द्वारा विसर्जनक दरमियान भव्य शोभा यात्रा निकालल जा रहल अछि। एम्हर, गया मे कडगर सुरक्षाक मध्य शहरक पांच लाईसेंसी दुर्गा प्रतिमा सभक विसर्जन कयल गेल। मुंगेर मे शादीपुर स्थित प्रसिद्ध बड़ी दुर्गा महारानी पूजा समिति द्वारा धूम—धाम सँ प्रतिमा विसर्जन कयल गेल। एहि अवसर पर विसर्जन यात्रा पूरा शहरक भ्रमण कयलक। एहि दरमियान झुमैत आ गबैत भक्त लोकनि माँ दुर्गा के अंतिम विदाई देलनि। एम्हर मूर्ति सभक विसर्जनक लेल राष्ट्रीय हरित प्राधिकरण, एनजीटी दिशा निर्देश जारी कयलक। एनजीटीक निर्णयक अनुसार नदी सभ मे मूर्तिक विसर्जन पर प्रतिबंध अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे जिला सभ मे प्रतिमा विसर्जनक लेल नदी सभक घाटक समानान्तर कृत्रिम पोखरि तैयार कयल गेल । पटना मे गंगा नदीक कात जिला प्रशासन आ नगर निगमक दिस सँ तेरह कृत्रिम कुंड बनाओल गेल अछि।

---

प्रदेश मे पंद्रह अक्टूबर सँ बालू खनन के निगरानी ड्रोनक माध्यमे होयत। उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे एहि सँ अवैध खनन रोकबा मे मददि भेटत। उपमुख्यमंत्री कहलनि जे अवैध खनन के संबंध मे विभाग के जनतब देबयबला लोक सभ के पहचान गोपनीय राखल जायत आ एहेन लोक सभ के सम्मानित सेहो कयल जायत। श्री सिन्हा कहलनि जे खनन आ भू—तत्व विभाग राजस्व अर्जित करबाक दिशा मे तेजी सँ आगां बढ़ि रहल अछि। ओ जनौलनि जे पछिला वर्ष सितंबर धरि पांच सय पचहत्तरि करोड़क राजस्व भेटल छल जे एहि वर्ष एक हजार चौतीस करोड़ अछि।

---

राज्य सरकार ग्रामीण क्षेत्र मे सोलर स्ट्रीट लाइटक निगरानी केन्द्रीकृत सिस्टम–सीएमएस के माध्यम सँ करबाक निर्णय कयलक अछि। ई सोलर लाइट जलवायु परिवर्तनक चुनौती सँ निबटबा मे सहायक होयत। बिहार अक्षय ऊर्जा एजेंसी–ब्रेडाक निदेशक निलेश देवड़े जनौलनि जे मुख्यमंत्रीक सात निश्चय कार्यक्रमक अंतर्गत पंचायती निकायक प्रत्येक वार्ड मे दस सोलर लाइट लगाओल जायत। मुख्यमंत्री ग्रामीण सोलर लाइट योजनाक अंतर्गत चालू वित्तीय वर्ष मे आठ लाख छिहत्तरि हजार सँ बेसी सोलर स्ट्रीट लाइट ग्रामीण क्षेत्र मे लगाओल जायब अछि। एहि मे सँ तीन लाख पैसठि हजार सँ बेसी सोलर लाइट लगाओल गेल अछि। श्री देवड़े जनौलनि जे सीएमएस के माध्यम सँ लाइटक काज करबाक अवधि, रोशनी मे खराबी आ बैट्रीक क्षमताक स्थितिक पता लागि सकत। ओ जनौलनि जे पायलट प्रोजेक्ट के तौर पर एकरा कतेको प्रखंड मे लागू कयल गेल छल जे सफल रहल अछि।

———————————————————————

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड, सीबीएससई केन्द्रीय शिक्षक पात्रता परीक्षाक तिथि मे बदलाव कयलक अछि। ई परीक्षा आब चौदह दिसंबर कऽ होयत। पहिने परीक्षाक तिथि पंद्रह दिसंबर निर्धारित छल। बोर्ड एहि संबंध मे वेबसाईट पर सूचना अपलोड कऽ देलक अछि।

———————————————————————

गृह मंत्रालय सभ केन्द्रीय विभाग आ राज्य आओर केन्द्र शासित प्रदश सभक प्रशासन सँ एहि मासक चौबीस तारीख कऽ संयुक्त राष्ट्र दिवसक अवसर पर सभ महत्वपूर्ण भवनक ऊपर राष्ट्रीय ध्वजक संग संयुक्त राष्ट्रक ध्वज लगेबाक आग्रह कयलक अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे पछबा हवाक प्रभाव सँ तापमान मे धीरे–धीरे कमी दर्ज कयल जा रहल अछि। यद्यपि तापमान एखनहूँ सामान्य सँ एक सऽ दू डिग्री अधिक बनल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक वैज्ञानिक जनौलनि जे अगिला चारि दिन धरि राज्य मे वर्षाक संभावना नहि अछि।

———————————————————————

दरभंगा मे आइ डिजीटल युग मे पत्रकारिताक भूमिका आ चुनौती विषय पर एक संगोष्ठीक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रम के संबोधित करैत वरिष्ठ विधायक विनय कुमार

चौधरी कहलनि जे आजुक समय मे पत्रकारिताक समक्ष कतेको चुनौती अछि। एकरा देखैत समाचार जगत सँ जुड़ल लोकसभ के बेसी सर्तकता बरतबाक आवश्यकता अछि।

———————————————————————————

मधुबनी जिलाक लदनियां थाना क्षेत्र अंतर्गत पिपराही अस्पताल लऽग दू मोटरसाईकिलक आमने–सामनेक टक्कर मे दू लोकनिक मृत्यु भऽ गेल जखनकि तीन आन गंभीर रूपेँ घायल भऽ गेलाह। सभ घायलक इलाज पिपराही अस्पताल मे चलि रहल अछि।

———————————————————————————

इंडियन डेफ किक्रेट संघक तत्वावधान मे आइ सँ पुरूषक टी–ट्वेनटी राष्ट्रीय किक्रेट चैंपियनशिपक प्रारंभ भेल। एहि मे बिहार के अलावा अठारह राज्यक खेलाड़ी भाग लऽ रहल छथि। एकर उद्घाटन खेल मंत्री सुरेन्द्र मेहता पटनाक ऊर्जा स्टेडियम मे कयलनि। बधिर श्रेणीक खेलाड़ी सभक लेल आइ सँ प्रारंभ भेल। प्रतियोगिताक समापन उन्नैस अक्टूबर कऽ होयत।

———————————————————————————

समाप्त